

ABSTRAK
PANINGKATAN KAMAMPUAN PANALARAN MATÉMATIS JEUNG
***SELF-EFFICACY* SISWA SMA DINA MODÉL PANGAJARAN CORE**
(Connecting, Organizing, Reflecting, Extending)

Ku:

Lia Assyifa

185050008

Tujuan tina panalitian ieu nyaéta 1) Keur mikaweruh bédana paningkatan kamampuan panalaran matématis siswa anu meunang modél pangajaran CORE (*Connecting, Organizing, Reflecting, Extending*) jeung PBL (*Problem Based Learning*), 2) Keur mikaweruh bédana paningkatan kamampuan *self-efficacy* siswa anu meunang modél pangajaran CORE jeung PBL, 3) Mikaweruh pangaruh modél pangajaran CORE kana kamampuan panalaran matématis jeung *self-efficacy* siswa. Méthode panalitian anu digunakan nyaéta méthode panalitian ékspérimén samar atawa *quasi experiment*. Jejer dina panalitian ieu nyaéta siswa-siswi kelas XI SMA Negeri 12 Bandung taun pangajaran 2021-2022 anu seueurna dua kelas anu dipilih sacara acak dina jumlah sampel 72 siswa, diantaranya 36 siswa kelas XI MIPA 4 minangka kelas ékspérimén anu dibéré perlakuan modél pangajaran CORE jeung 36 siswa kelas XI MIPA 3 minangka kelas kontrol anu dibéré perlakuan modél pangajaran *Problem Based Learning*. Instrumén panalitian anu digunakeun mangrupikeun tést kamampuan panalaran matématis jeung angkét *self-efficacy*. Data anu dikumpulkeun rék diolah dibantu ku *Software IBM SPSS 26 for Windows*. Dumasar hasil analisis data, kasimpulan tina panalitian ieu 1) Ningkatkeun kamampuan panalaran matématis siswa anu meunang modél pangajaran CORE leuwih pinunjul tibatan siswa anu meunang modél *Problem Based Learning*, 2) *Self-efficacy* siswa anu meunang modél pangajaran CORE leuwih hadé tibatan siswa anu meunang modél *Problem Based Learning*, 3) Aya korélasi positif antara kamampuan panalaran matématis jeung *self-efficacy* siswa anu meunang modél pangajaran CORE.

Kecap Kuncina : Kamampuan Panalaran Matématis, *Self-efficacy*, Modél Pangajaran CORE